



# Kijan imigran yo ka jwenn yon lisans chofè Massachusetts

Lwa pou Travay ak Mobilite Fanmi kounye a se yon lwa ofisyèlman nan Massachusetts epi li pral antre an vigè an Jiyè 2023. **Apati Jiyè 2023, rezidan Massachusetts yo ka aplike pou yon lisans chofè nòmal, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.** Pandan w ap tann pou lwa a antre an vigè, ou ka kòmanse prepare w pa aprann sou pwosesis la epi w jwenn dokiman ki nesèsè yo.

## Ki kondisyon yo genyen pou yon lisans chofè nòmal Massachusetts?

# 16+

Gen omwen 16 an.



Bay dokiman ki pwouve idantite w ak rezidans nan Massachusetts.



Reyisi egzamen teyorik alekri sou règleman kondwi



Reyisi yon tès pratik kondwi machin

## What Documents Do I Need?

### Kat idantite ak dat nesans:

- Yon dokiman nan Lis A ak Yon dokiman nan Lis B.
- \*Omwen yon dokiman dwe genyen yon foto epi omwen yon dokiman dwe genyen dat nesans.
- \*Dokiman etranje yo dwe gen yon tradiksyon ki sètifye nan lang anglè.

### Lis A:

- Paspò etranje ki poko ekspire.
- Dokiman idantifikasyon konsila ki poko ekspire.

### Lis B:

- yon lisans chofè nan nenpòt eta oswa teritwa Etazini ki poko ekspire;
- yon batistè etranje orijinal oswa yon kopi sètifye;
- yon kat idantite etranje ki valab e ki poko ekspire;
- yon lisans chofè etranje ki valab epi ki poko ekspire;
- yon sètifika maryaj oswa yon dekrè divòs nan nenpòt Eta oswa Teritwa Etazini.

### Prèw Rezidans nan Massachusetts:

\*Plis enfòmasyon konsènan [prèw rezidans nan Massachusetts.](#)

Yon dokiman nan lis ki anba a ki montre w ap viv nan Massachusetts:

- Yon dokiman Massachusetts ki soti nan Depatman Sikilasyon Eta a (RMV an angle).
- Lèt yon ajans leta/federal/minisipal/vil/tivil/konte.
- Bòdwo sèvis piblik, deklarasyon kat kredi, deklarasyon medikal/lopiyal oswa fakti telefòn selilè.
- Kontra lwaye/ipotèk aktyèl oswa yon lòt akò lokasyon menm jan.
- Dokiman ki gen rapò ak finans, tankou fich peman, salè W-2 ak enfòmasyon taks.
- Dokiman lekòl la bay, tankou lèt lekòl la, relve nòt, prèw enskripsyon an.
- Asirans machin, asirans lokatè oswa asirans kay pou ane aktyèl la.

### Lèt Refi Sosyal sekirite ou-byen Nimewo sosyal sekirite.

Siw genyen yon vrè Nimewo sosyal sekirite, bay li. Siw pa genyen nimewo sosyal sekirite ou dwe jwenn yon "Lèt Refi" kap soti nan administrasyon sosyal sekirite a. Dat lèt la dwe mwens ke 60 de lè ou te aplike pou lisans ou a.

## Kouman pou mwen aplike pou yon lisans chofè nòmal Massachusetts?

**Sonje byen - ou pa ka aplike anba nouvo lwa a jiska jiyè 2023!**

Kòmanse aplikasyon w lan sou [entènèt](#) epi pran yon randevou pou yon egzamen pèmi pou aprann kondwi klas D nan Sant Sèvis Sikilasyon (RMV) lokal ou a. Gen yon frè aplikasyon 30 dola pou peye.

- **Egzamen an disponib nan 34 lang.** Pou w pase, ou dwe fini nan 25 minit epi gen omwen 18 repons ki kòrèk sou 25.
- Egzamen pou pèmi pou aprann la teste konpreyansyon w sou lwa kondwi Massachusetts yo ak pratik pou kondwi ak tout sekirite. Yon lisans pou aprann ba ou pèmasyon pou w kondui pandan w ap pratike konpetans w pou kondwi epi w ap prepare w pou egzamen pratik kondwi ou an.
- Apre w fin jwenn yon pèmi pou aprann, ou dwe pran epi reyisi yon tès wout pou w ka jwenn lisans chofè w. Si ou poko gen 18 an, ou dwe ranpli tout [kondisyon pou operatè anba laj.](#)

Lèt Resous

Telechaje epi etidye [manyèl chofè klas D a](#) epi [pratike egzamen pèmi aprann la.](#)